Соколёнок

# Лачен

3/2022

май – июнь

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХIУКУМАТАЛЪ КIИ-КIИ МОЦIИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ



# ГIабасил МахIамадил – 90 сон тIубаялде

*Патимат Малачиева*



ГIабасиласухъе руссунел руго,
Свине течIеб гъастIа кIусулел руго. –
Савдатил гьоболлъи ругьунлъун буго,
Лъанщинасе гьаб рукъ инсуллъун буго.

Гьаниб лъикIлъиялъул бицунеб буго,
Гьаниб гьунаралъе бакI батун буго.
Гьудулавщинасе ракI рагьун буго,
ГIаданлъи ккурасе квер кьолеб буго.

Гьурмада рохалил гьимиги щущан,
ШагIирас нилълъ къабул гьарунин ккела.
КочIол гIагарлъигун жубазе биччан
Гьесул гьаракь рокъоб щущанин тела.

«ВуцIцIун чIун кIалъаялъ кIодолъулин чи»
Гьаб зонохъ лъалхъидал дуда бичIчIила.
«ГIамал берцинлъиялъ берцинлъулин чи» –
Гьес абулеб бугеб гIадин рагIила.

«Дунял гьоболасул рукъ букIин» бицун,
Цодагьабги гIакълу кьолев вукIина.
ВачIаравщинав чи унеб бакI бичIчIун,
Нилъ нилъерго рекIехъ  гIенеккун тела.

Гьаб дарсищ гIолареб гIадан-чиясе,
ГIумруялъул гьечIеб пайда бичIчIизе.
Гьаб мисалищ гьечIеб мекъдарулесе,
Арзалил гIумруялъ толарел лъазе?!

# Гогьаб ци

ГІабасил МахІамад



АхІмад ракІ гъоларого
Рохьове ун вукІана,
НакІкІил гьава босизе
Сверизе щун вукІана.
Рохьов жанив аравго
Асда цо лъим батана,
Гьеб гъун гъоркьехун ине
АхІмадица хІетІ лъуна.

Гьаб иццулаб иххалъул
Аххада цо хІор буго,
ХІавузлъун жиб гІатІидаб,
ГІурдал гъуйлъун гъваридаб.
Гьеб гьайбатаб хІоралъул
Бакьулъе ун ци буго,
Цидулги эбел гІадаб,
Элъулги дада гІадаб.

Цица лъин ххалеб буго,
ЛъетІахъабаз кинигин,
Чахьалда, чехьатІаде,
Дуй бокьани, бахъунчІун.
Гьалъ лъим чакулеб буго,
Лъималаца кинигин,
Кепалъе гьаваялде
Гьурщула лъим, дангъур цІун.

Гьеб цидул аваданлъи
АхІмадие бокьана,
Элъухъ балъго валагьун
Васас цІакъ кеп босана.
Ахирги лъетІахъанлъи
Нилъер цида чІалгІана;
Ци ана. Бигьагьабун
Гьелда хадув гьав ана.

КІанцІелаго унаго
Цида цо гъветІ батана,
Бахъараб гьороца гьеб
Бекизабун бугоан.
АскІобе щун циндаго

Ци цодагьалъ лъалхъана,
ГъотIол рохтиялда гьеб
Тамашалъун бугоан.

Рохтуда, бихъун хутIун,
ГьакIкIараб хъвалхьен буго,
Хъвалхьада кверги бан ци
Гьеб нахъе цIалеб буго.
БачIуна хъвалхьен гьетIун,
Гьале бутI гIадин буго,
Биччан гьебгун нилъер ци
Нахъе кIанцIулеб буго.

Хъвалхьен рохтулъги кIутIун
ТIарран соролеб буго,
Гьеб гьаракь берцин бихьун,
Ци цIакъ бохулеб буго.
Цица гьеб чIедал хантIун
Нахъеги цIалеб буго,
Биччан, гьаркьихъе хIал хьун
ХIайранлъулеб ци буго.

Цинги ци, гьеб чIалгIиндал,
Щобде бахунеб буго,
Борхалъи гIоларого,
ГохIде харулеб буго.
АхIмад гьеб тIаде индал,
Энив вахунев вуго,
Бихьун хIал хьоларого,
Цида хадув чIун вуго.

Нилъер гогьма гьанжесалъ
ГанчIазда квалквадула,
Кодобе щвара-щараб
Гиризе байбихьула.
Щибаб гьорчо индал алъ
Элдасан кеп босула,
ЩIакъго цIакъ кIанцIун араб
Алъул рекIее гIола.

Цидул гьадаб махсара
АхIмадие бокьичIо, –
Гъоба гъоркь чи ватани,
Гьарчида берал гьечIо!
Гьав хъархъазулъ вукIарав
Вахчаралъувго чIечIо, –
РакI хIеккараб гьечIони,
ХIинкъи лъазе рес гьечIо!

Ле мун беццаб цийилан,
Цо гьаракь гьабуна гьас:
Гьаб щиб дур хIалтIийилан,
ТIадеги ахIдана гьав.
Гьарчица чи чIвалилан,
Бичунеб букIана гьас;
Мун гIабдал бугищилан,
Вагъулев вукIана гьав.

Гьаб щиб хIикмат, цидуца
Цин кверал хьвагI-хьвагIана,
Цоцада бохдулги ран,
Гьеб лъутизе лъугьана.
Гьеб хIинкъараб хIинкъуца
Гъорлъго араб махI чIвана.
Жиндикьа циги тIурун,
ТIад АхIмадги вуссана.

Ккараб, цIализе щведал,
Лъималазда бицана,
Бицани щиб, щивниги
БожичIо, гьерсалилан.
Амма дарсда гьикъидал,
Учителас абуна
АхIмад витIарав вугин,
Цин-цин ци хIинкъулилан.



# Чанахъанги цIиги



Цо чанахъан вукIана
Чанги рохь лъарав,
Цо чанахъан вукIана
Чанги чан чIварав.

Гьев чанахъан вукIана
Ункъракьалдаса,
Гьев чанахъан вукIана
Гъоркь-Хъварщиниса.

Гулла гьес къотIулаан
Носол балада.
Чанил гьес бицунаан
ЦIакъго шавкъалда.

ЦIарги гьесда букIана
ЦIакъго батIияб,
Тулаклъиги букIана
Цо тамашаяб.

ГIадамаз ПIипIи – абун
АхIулаан цIар.
Гьесул цIакъ хIурмат гьабун
Босулаан квер.

Анкьнусго чан чIванилан
Абулаан гьес;
Чамали бис чIванилан
Бицунаан гьес.

ЦIиркъазулги букIана
Гьес чIвараб рикIкIен;
Циязулги букIана
Гьес чIвараб рикIкIен.

Амма чанаве ине
Инкар ккolaaн,
Гьараниги вачине
Рекъоларoaн:

Дица чан таралдаса
Санал анилан,

ТIокIаб дир квералдаса
Чан хвеларилан.

ГIемерав гьардана дун
Дида бицеян,
Гьединан щай чIарав мун,
ГIилла бицеян?

Цо къоялъ бицана гьес
Гьадинаб хабар,
Бахунеб букIинчIо гьес
Гьелда тIад лажбар.

– Доле доб керчаб рохьоб
Бихьулищ кьуру?
Гьанисан кколеб гIадаб
ТIуцаб доб гуро!

Доб кьурулъан буго нух –
ГанчIилаб мицIир,
Гьеб чIедераб беццаб нух
БукIана цо дир.

Жибго кьуру букIараб
Бакьулъан цебе
ЦIутIун, къватIибе цураб,
Дад гIадаб абе.

Аб рахъалъан вачIунев
Дида бихьичIо,
Доб рахъалъан бачIунеб
Ци лъазе кIвечIо.

Дун кьурда квералги чIван
Унев вукIана,
ТуманкIги мугъалда бан
Баччун букIана.

Кьурул цебе цутIараб
БакIалде щвана,
ГIадан гIадин бахъараб
Ци данде чIвана.

Нахъ вуссине кканиги
Вортун унев дун,
ТункIида кваланиги
Тарун кколев дун.

Цидулги нахъ буссине
Рес гьечIеб гьаниб,
Нагагьлъун тIад сверани,
Кколеб кIкIаланиб.

Ци гъулгъуданагIан дун
Гьелда гьардана,
Гьеб ццидаханагIан дун
Дагьав хIелана.

Ахирги бахъун цица
 Борхун ана квачI,
ДитIасан бегьун цица
Кьурулъ чIвана квачI.

Хадубго бахъун цица
Борхун ана бох,
Дун тун бегьун цица
МоцIролъ лъуна бох.

Хадубго гьелъ добехун
Лъуна цо бохги
Хадубго гьелъ добехун
ЧIвана цо квачIги.

Гьедин ци дида тIасан
Добехун ана.
Дунги дирго нухдасан
Кьуру тун ана.

Дун добехун щваравго
ТIаде вортана,
Векерун гьекдилаго
ХъинстIе вахана.

Дунго гIадин кьуру тун
Ци добехун щун,
Каридал хъархъал ратун
Гьелъухъ буго чIун.

Дица дирго кьавучIад
Кьвагьун биччана,
Ци бахъана цо квачIид
Ва гIодоб ккана.

ТӀад вуссун добго нухалъ
Кьуруги бахун
Дун аскӀове щведал алъ
Угьана борхун.

Берал рукӀинчӀо диде
Ццидалъ ралагьун,
Гьел рихьулаан диде
Суалгун рагьун:

«Дуналиха жанавар –
ГӀакълу гьечӀеб ци.
Мунго кинав жанавар
ГӀакълу бугев чи?

Диканиха тункун мун
Кьурса рехичӀо,
ТӀадги вуссун дуца дун
ЧӀвачӀого течӀо».

БухӀанаха, гьудул, ракӀ
Гьебмехалда дир,
Хун танаха, гьудул, ракӀ
Гьалда хадуб дир.

Дица гьадаб циялъул
ЦӀоко бахъичӀо,
Рокъове щун ккаралъул
Лъийго бицинчӀо.

Гьеб иш ккедал чанаве
ТӀокӀав дун инчӀо;
Цо-цо ана рохьове,
ТуманкӀ босичӀо.

Дида дол цидул берал
ЦеречӀун руго...
Макьилъги гьадал берал
Рихьулел руго...

ЛъикӀлъиялъухъ квешлъи щай
Дица гьабураб?
Доб ци чӀвазе чанго щай
Дица гьабураб?..



(„Ирганби" абураб тIехьалдаса)

# Дун росулъа вас вуго

Росдалаб гIадатлъиги,
Лъимадулаб божиги,
Вижун батараб бакIги –
Дун росулъа вас вуго.

Гьобол вачIун вохулев,
Гьудул вачIун чIухIулев,
Гьалмагъзаби рокьулев –
Дун росулъа вас вуго.

Агьиян ракI гIодулев,
ГIагIаян велъанхъулев,
Лъилниги роль хIаларев –
Дун росулъа вас вуго.

Нечани, багIарлъулев,
Ццин бахъани, хъахIлъулев,
Хеккого ракI батулев –
Дун росулъа вас вуго.

Кваналелъув кваналев,
ХIалтIулелъув хIалтIулев,
Кьурдулелъув кьурдулев –
Дун росулъа вас вуго.

Гьереси бегьуларев,
БитIараб бахчуларев,
РагIи кквезе бокьулев –
Дун росулъа вас вуго.

Лъиего хIилла гьечIев,
ГIадамазе рекIкI гьечIев,
РекIелъ сихIирлъи гьечIев –
Дун росулъа вас вуго.

Рокьи ккарай ячунев,
Чидарай бегьуларев,
Бухьун тараб тIоларев –
Дун росулъа вас вуго.

Дирго бугеб бикьулев,
Бикъун балагьуларев,
Рахчирукъ букIунарев –
Дун росулъа вас вуго.

Халкъги ВатIанги кколев,
Ккани ахIуд вахъунев,
БачIани кечI ахIулев –
Дун росулъа вас вуго.



# Эбел



Эбел, дица дуе кечI
Кидаго хъван букIинчIо. –
Кинацаго бицараб
Бицине дун лъугьинчIо.
Амма, эбел, дуе кечI
Камунги дун вукIинчIо,
Гьеб гьитIинго ахIараб
Гьанжеги лъугIун гьечIо.

Эбел, лъай лъалелде дун
Дуда хадув гIодана,
Хуриса йиссиналде
Дун чанги зигардана. –
Гьеб дица дуе гьедун
Гьабураб кечI букIана,
Хасаб дирго мацIалда
ЦIалулеб кечI букIана.

Хадуб гIедал, гIоди тун,
ГIагIаялда велъана. –
Гьебги дуе реццалъул
Цо назмулъун букIана.
БакIал ургъелал ратун
Таманав пашманлъана. –
Гьелъул сихIкъотIиялъул
Дуе шигIру гьабуна.

Цояз буго ахIулеб,
ХIалимай эбелилан
Цоял руго гIодулел,
ГIазизай эбелилан.
Дица буго гьикъулеб,
Гьел рагIаби щайилан;
Щал ругел божуларел
Нужер ракIаздайилан.

Дида гьитIинго ккана,
Гьай дир эбел гIадинай
ГIадан дуниялалда
Цониги ятиларин.

Дида жакъаги ккана,
Мун дир эбел гIадинай
ГIадан дуниялалда
Хадуйги йикIинарин.

Гьедин ккола васазда,
Гьедин ккола ясазда;
Жидерго эбел гIадай
ГIадан гьечIо ракьалда.
Эбел йиго ракьалда,
Эбел йиго ракIалда.
Эбелалъул цIар гIадаб
ЦIар гьечIо дунялалда.

*(«НакIкIутIа мугIрул» абураб тIехьалдаса:)*

***

Жагъандаман букIа, Дардаман букIа,
Дур батараб улка – гьеле дур ватIан.
ТIогьол мугIрул рукIа, гIицIавлахъ букIа,
Мун вижараб ватIан – гьеле дур гьатIан.

***

– Дур гьудулзаби щай гIемерал ругел?
– ГIадамасе дихъан хилап ккечIого.
– Дуй гьудулзаби щай хириял ругел?
– Хиянат гьабулев гьезулъ гьечIого.

***

Такрарлъулебани нилъер лъимерлъи,
ЛъикIлъи гуреб квешлъи гьабунгутIизе.
ТIад буссунебани гъоб гIолохъанлъи,
Гъол ккарал гъалатIал ритIизаризе.

***

Дунялалда бищунго
абадияб жо рокьи.
Бищунго берцинаб жо –
рекIкI гьабичIеб гьудуллъи.
Инсанасда тIадаб жо –
вижараб ВатIан бокьи.
БахIарчиясул гьунар –
жиндирго халкъ хиралъи.

*(«Аслиял асарал» абураб тIехьалдаса:)*

***

ГIанкI хIинкъиялъ цIунула,
ЦIум борхалъиялъ ккола,
Гъалбацl рекIел къвакIиялъ
Къадруялда хутIула.
Инсан хIинкъиялъ къола,
Пахрулъиялъ вортула,
Амма рекIел къвакIиялъ
Къадруялда хутIула.
КъвакIи – дудаго божи.

***

Къадарав чиясул чугун чIунилан,
Чу чIварав чи ккана нилъер магIарухъ.
ХIакъирав чиясул гьудуллъунилан,
ГьечIевлъун вас тарав лъала магIарухъ.
Къадарав вукIиналъ хIалихьалъула,
ХIакъирав вукIиналъ нагIана щола.



# Жоноги тIинчIги



– ВахIбабай!
Нилъер рохьоб бугебщинаб
ХIутI-хъумур щиб, хIанчIи щиб!
Гьезда гьоркьоб бугебщинаб
ТIинчI гьабулеб тайпа щиб?
Цоги нахъе хутIанщинаб
Хоно кьолеб къукъа кинаб?

– Бицина!
ХIайванщиналъ тIанчIи гьарун,
ХIанчIаз ханал гьарула. –
Роржунеца ханал гьарун,
Хьвадулез тIинчI гьабула.

– Гьереси!
КъохьолъалкIач къинлъунщайха
ТIинчI гьабулеб, боржунеб?
Ханиниса борохь щайха
КъватIиб бачIун хьвадулеб?

– КантIана!
Рохьил уммат баче, дица
ГIин-квачIалда квер хъвазе.
Кквезе щолеб гIин бугеца
ТIанчIи руго гьаризе.
Кквезе щолеб гIин гьечIеца
Ханал руго гьаризе.

*(Рохьил маргьаби абураб тIехьалдаса)*

# Чанахъанасул хабар

ГIали инсуда цадахъ
Цо нухалъ рохьой ана.
Аз жидедаго цадахъ
Цо гIаштIиги босана:

ГIазу тIаде балелде
Бакъвараб гъветI къотIизе,
ТIаде хасел цIалалде
ЦIатари хIадуризе.

Рохьор цо ссалимухъил
БетIералдеги рахун,
Ралагьана, цо махил
ГъветI батана бакъван хун.

Сверухъ хъарахъги гъурун,
Рохтуде нухги бахъун,
Гордил къвалалги гурун,
ХьвагIана гIаштIи борхун!

ХъвагӀун биччалеб гӀаштӀи
ГӀалил инсуца ккуна, -
ГӀоштӀол рохьилаб хьуртӀи
Цоги кьаркьихъе къана;

Гьарчал риччалеб гӀадаб
Чвархъа-гӀанхъи бахъана,
Чуял тӀурулеб гӀадаб
ТӀваркъи-тӀвапи рагӀана.

Гьазие гьеб ишалъул
Баян лъазе бокьана,
Гьал рохьил талаялъул
РагӀаллъуде раккана.

Гьениб рацӀцӀалъиялда
ЦӀинидал сухъмахъ буго,
Сухъмахъалъул рагӀалда
ГӀаркьаххараб гъветӀ буго.

Гъоба рагӀалдаги чӀун
ГанчӀал ралеб ци буго,
Цебе, нахъа гьел речӀун,
Ццин бахъун хъабан буго.

Цо-цо рехараб гьецӀо
Гьалъул гьодитӀа щола,
Гьаб ццидацаги понцӀон
Гьанже циде бортула.

Ци сухъмахъалъ лъутун ун
Танкан гъотӀокье щола,
ГӀаркьалидаги далун,
Хъабан гъоркьан биччала.

Хъабан зунунги бач1ун
ГъветӀ тун добегӀан уна,
Циги кодой щвечӀого
Нахъ буссун гъоркье уна.

Нахъеги ци гьадабго
РагӀалалде бортула,
Рата-ратарал долго
ГанчӀал гьелда речӀчӀула.

Гьанжеги гамачӀ хъвайдал
Хъабан нахъе буссуна,



СихIираб ци тIуридал
Гьелда хадуб бортула.

Ци добго гIаркьалиде
КIанцIун дал-далун чIола;
Хъабан жиндирго нухде
Нахъ буссун ине ккола.

Гьеб индал ци нахъеги
РагIалде бекерула,
Гъолго ганчIал гьанжеги
Гьелда хадур речIчIула.

ГьебсагIат ГIалил дада
Гъоб гъотIохъе вортула,
Далулеб гIаркьалида
ГIащтIи кьабун вуссуна.

Нахъеги хъабан хадуб
Бортидал лъутула ци,
Добго гIаркьел ккун хадуб
Гьеб бекун бортула ци.

Хъабан гажалгун речIчIун
Цин цида тIасан уна,
Цинги нахъ буссун бачIун
Жиндирго нухалъ уна.

ХIухьел-махI тола цица,
Цо кьуричIого хола, -
Хъабаналъул гажаца
КIи ссун рехун батула.

Гъоркь тIамизе букIине
Гьелъул цоко бахъула,
Дарудай абун квине
Дагьабго гьан босула.

Доб махигъветIги къотIун
Ссан къан гIодобе цIала.
Гермаздеги къотI-къотIун
ЦIулал мачIу къан тола.

ГIали рокъой щваравго
Лъималалълъе вортула;
ТуманкIцини гьечIого
Ци чIвараб куц бицуна.



# Мокъокъ

Лъимал бакъ  гьелегьингун
Лъарахъе унел руго.
Лъаралъ чордон рахъингун
ГохIде рахунел руго.

Мокъокъил гьаракь рагIун
Гьал  гIенеккулел руго.
Гьеб бугеб рахъги батун
Гьал рекерулел руго.

Гьанже гьал тIаде щвана,
ТIанчIазул пештIей буго.
Гьал хIотолъе раккана,
Мокъокъ тввархелеб буго.

Гьеб кквезеян ротридал
Эб хъалхъалаго уна.
ГIагарлъизе лъугьиндал
Цо дагьабго боржуна.

Гьанже лъимал лъалхъидал
Гьеб хвараб гIадин чIола.
Цинги гьал рекеридал
Твархелаго лъутула.

Гьаб бакъаналъ лъималаз
Бакълъи гелулеб буго.
Мокъокъ кквезе рахъараз
Щобал мерхьунел руго.

Ахирги цо гохIдаса
Лъимал лъикI рикIкIана.
Мокъокъ цо гIеркъидаса
ГIодобе кIанцIун ана.

Гьелъ гьанже  гьал лъималгун
Хвараб ххвел гьаби тана.
Гьалги хадур ралагьун
Гьенисан боржун ана.

Лъималаз гьанже руго
Жидерго бутIрул кколел;
Лъималаз гьанже руго
Жидер къунщби хъасулел.

Гьанже бичIчIана азда
Мокъокъалъ гуккараб куц;
Гьанже бичIчIана азда
Элъ тIанчIи цIунараб куц.



Мустафа Оджал

# ТIагьирил суалалги инсул жавабалги

Цо нухалъ ТIагьир рокъобе хIалтIи хъвалев вукIана. Эбел-эмен хабаркIалала рукIана. ТIагьирида рагIулебцин букIинчIо щиб гьез бицунеб бугебали. Циндаго инсуца абулеб рагIана:

– Гьеб Аллагьасул хъвай бугоха! Щиб гьабилеб, гьединаб къисмат букIун буго!

Гьеб рагIуде пикру буссана васасул.

– Дада, щиб дуца абураб гьабсагIат? – илан гьикъана гьес инсуда.

– Гьа, Аллагьасул къадариланищ?

– У, дада, гьелъул хIакъалъулъ.

– Дица дуе гьелъул хIакъалъулъ бицина, амма гьеб бичIчIизе дуе захIмалъилин кколаха дида.

– Дада, дида гьабсагIат тIехьалда хъван батана гьеле гьелъул хIакъалъулъ. Гьединлъидал гьикъулеб букIана дица. Амма бичIчIизе захIмалъулеб буго цебеккунго хъвалин абураб жо.

– Гьанибе босе доб тIехь. Дихъеги кье гьеб цIализе.

ТIагьирица тIехь инсухъе бегьана. Гьес кIваркьун цIалана тIехьалда хъвараб къадаралъулги къисматалъулги хIакъалъулъ. Цинги абуна:

– У, ТIагьир! Гьалдаса гIадатго ва бичIчIуледухъ къадаралъулги къисматалъулги хIакъалъулъ баян цойги батизе гьечIо. Дуда гьеб бичIчIунгутIиги гьелъул захIмалъиялъ буго, дир вас.

– ЛъикI бугоха, дада. Кинха дида гьеб бичIчIизе кколеб? «ХIадурлъиялъул хIалтIабазул» тIехьалда буго нижеца гьеб чIахIиязда гьикъизе кколиланги. Гьеб надалда хъванищха букIунеб? Учителас нижеда дарсиде гьебги лъазабун рачIаян абуна.

Эмен цодагьавго ургъана ва абуна:

– ТIагьир, къеда балеб календарь босе дихъе. РачIа цодагьалъ нилъеца каландералда тIасан цо чанго суалалъе жавабал ратизе. Бице, жакъа щиб къо колебали.

– ГьатIанкъо ккола.

– ЛъикI буго! Жакъа щай мун школалде инчIев?

– Щайгурелъул, жакъа гIодокъо букIунха. ГьатIанкъо хIухьбахъиялъул къолъун гурищха кколеб?

– Метер щиб къо кколеб?

– Интикъо ккола. Метер уна ниж школалде. Мунги уна хIалтIуде.

– ЛъикI буго, жакъа щайха мун школалде инчIев? Дун щай хIалтIуде инчIев? Метер щай нилъ кIиялго унел цIалудеги хIалтIудеги?

ТIагьир инсухъ балагьун чIана: «Гьединалги суалалищ рукIунел?» – илан гьикъизе бокьараб гIадин. Цинги гьес абуна:

– Дада, ммм...

Инсуца гьесие цойги суал кьуна:

– Календаралда «гьатIанкъо» бугилан хъван букIиналъищ мун школалде инчIев?

– Уха, дада!

– ЛъикI буго. Гьаб каледарь хIадурараздa кин лъалеб букIараб, жакъа гьатIанкъо букIинеблъи?

– Гьез цебеккун хIисаб гьабун батилаха, цинги хъван батила...

– Кинха гьез гьеб хъвараб? Гьезда гьеб лъалеб букIун гурищ хъвараб?

– Уха, дада! Лъай гьечIого бегьилищха, гьединаб ишалъе?



– Цойги суал буго дуе. Календаралъул щибаб тIамачалда «гьатIанкъо», «гьатIанкъо», «гьатIанкъо» абун хъван букIарабани щибизе букIараб нилъеца? Цинги киналго щибаб къоялъ хIухьбахъиялдайищ рукIинелан?

– Дада, гьединаб жо букIинищха? Гьай-гьай, хIухьбахъулел рукIинароан.

– Щай?

– Щайгурелъул, щибаб къоялъ цоцазда хадуб гьатIанкъо букIунарелъулха. Гьеб календарь хIадурарал гIадамазда гьедин букIунареблъи лъалеб букIун батилагури!

– ХIалчIахъад, ТIагьир! БитIараб абуна дуца. Гьезда гьеб цIакъ лъикI лъалеб букIана. Гьанже кIваркьун гIенекке: нилъеца хIухьбахъула, календаралда гьатIанкъо бихьузабулеб букIиналъ гуреб, гьез лъагIалица цебе хIисабалде босана, жакъа гьатIанкъо, метер итникъо букIинеблъи. Гьедин, метер мун школалде ине ккезе вуго. Къокъго абуни, гьеб календаралда хъвараб-го гIадин, Аллагьас хъвараб къадарги цебеккунго хIисабалде босараб буго. Жиндир заман щвараб мехалъ лъугьуна щибго жо. Гьеле гьеб ккола къадарги къисматги. Бокьани, цойги мисалги бачина.

Календаралда бихьизабун буго бакъ баккулеб гIуж. ХIакъикъаталдаги бакъ гьениб бихьизабун бугеб заманалда рекъон баккула. Календаралда хъван букIиналъ гуро бакъ гьеб заманалда баккулеб. Гьеб баккула гьеб заманалда баккизе кколелъул. ГIадамасул гIумруги буго гьелдаго релълъараб. ГIадамаз жидерго къисматалда тIадчIей гьабула. Дагьабго захIмат букIаниги, дуда бичIчIизе букIиналде хьул буго дир.

– Дада, дир пикраби жура-гъуран ккана, амма дида кколеб буго, дуца бицараб дида бичIчIанилан. Дица жеги пикру гьабила дуца рачарал мисалазул. БичIчIичIого хутIараб, тIадвуссунги гьикъила. Баркала дуе, дада!

– Аллагьас дур гIакълу роцIцIинабеги, дир вас!

ТIагьир цIидасан жиндирго тIахьазде вуссана.

Эбел-эмен нахъеги жидерго хабаркIалалде рана.

*(Турк мацIалдаса буссинабураб)*

Мухlамад Габдулгlазизов

# Бице, дадал бурутI, дахIададал мацI!




Бице, дадал бурутI, дахIададал мацI,
Дурго лъимазда лъазе букIине.
Диеги умумуз ирсалъе тараб
Толеб бугин дуйги гьебго хазина.

Мун кьибил турараб гъветIлъун вукIунге,
Дурго умумузул мацIги кIочон тун.
Гьеб мацIалдалъидал дур анкьумумул
КIалъалел рукIарал гьалщинал соназ.

Рахьдал мацI лъаларев лъавукъ вукIунин,
Лъазе гьабе,дир вас, умумузул мацI.
Дур бидулъ бессараб калам кколелъул,
Кколин наслабаца цоцахъе кьезе.

ЦIуне, дадал бурутI, дахIададал мацI,
Лъазе гьабе, дир вас, дурго рахьдал мацI.
ВукIунге цIа свараб гъансито гIадин,
Жаниса лъим къараб гъуялда релъун.

Свараб чирахъ гIадин, чи кин вукIунев,
Чиякълъиларищ мун мацI лъачIонани.
Дурго эбелалъул рахьдал мацI тани,
Тезе бугеб, дадал, дурадаб халкъалъги.

Бице, дадал бурутI, дахIададал мацI.
МацI кIочараб миллат, мигьлъун тIагIунин.
ВукIунге лъим къараб гъуялда релъун,
Гъаримлъизе вугин мун гьеб лъачIони.

# РачӀа рекъел цӀунизе бакъулаб дунялалда!




РачIа квералги росун,
Кинацаго ахIизин:
«Кисанго дунялалда
Рагъал лъугIизе тейин!».

Нуж – рагъул кор боркьулел
КантIизе заман щвана,
Кодоб ярагъ кквечIого,
Лъимал каранде къайин!

Гьарула чIахIиязда
ЧIвай-хъвей лъугIизе тейин!
ТалихIаб, аваданаб
ГIумру тIегьазабейин!

Ниж чIоролаби руго,
ЧIирчIидизе рижарал!
ЧIурканаб дунялалде
Рекъел босун рачIарал!

Дагъистан тIегьазе те!
ТIадчагIи цIодорго чIчIа!
Ниж – гIиссинлъималазе
Лъаялъул кIалгIаби рай!

РачIа рекъел цIунизе
Бакъулаб дунялалда!
ТIамуге гIиссинлъимал
ГIодизе дунялалда!

# ЦIунцIраги кIкIараги

БухIараб роол къоялъ, цIунцIра бачIунеб букIана, чанго нухалъ жиндасаго кIудияб гъотIол тIамахги хадуб бехъерхъун. Циндаго боржунги бачIун, тIамахалда тIад рещтIана билбагIараб гургинаб чехьалъул кIкIара. Гьадинги гIетIратIалда бан, хIалалъ тIамахги бехъерхъун, бачIунеб букIараб цIунцIраялъе захIмалъулеб букIана гIатIгояб тIамахги кIкIараги хадуб цIазе.

– Айлазат! Бугеб кепха дие, цIунцIра! Бехъерхъе! Бехъерхъе!

– КIкIара, гъоркье рещтIа тIамхидаса. Дуда бихьулагури дие захIмат бугеб куц.

– ЗахIмат батани, гIодоб чIаха. Лъица мун тIамулеб бугеб гьаб бухIараб бакъул къоялъ гьеб кIудияб тIамах бехъерхъизе. Дидаса мисал босун гьабе гIумру, ахIмакъ! Дун, мун гIадин, къо бихьун хIалтIичIониги, киданиги бакъун хутIуларо. Балагье цо дир чехьалъул гургинлъи. Дида бугеб жанги жигарги. Мунги ругьунлъе, дидаса мисал босун, чияр биги цIцIун, гIумру гьабизе. Дир чохьониб буго жибго гъалбацIидаса дица жакъа цIцIураб би.

– ВахI! ГьедигIанго – гьедин бахIарчияб рухIчIаголъиййищха мун кколеб букIараб, кIкIара?

– Гьеб щиб цо гIантаб суал? Божулеб батичIони, гьадале гьадав гIотIода гъоркь кьижун ккарав чиясул бигицин цIцIвизе кIола дида, – янги абун гьесул гьурмадаги рещтIун, жиндирабго гьабизе лъугьана пахруяб кIкIара.

Циндаго, бараб хъаталъ чияс жиндаго хIанчIезе лъугьараб кIкIара чIван рехана ва гьесул кIаркьен гьелъул биялъ багIар гьабуна.

Гьеб киналъухъго балагьун букIараб цIунцIраялъ жинцаго жиндаго абуна: «Дун гIадин, захIмат бихьун, хIалтIулеб букIарабани, мунги чIаго хутIилаан букIараб жакъа, ахIмакъ!» – абун.

ЦIунцIра, додинго жиндицаго къунцIун гъотIодаса гIодобе бортизабураб гIурччинаб тIамахги хIалалъ хадуб бехъерхъун, цIунцIрабазул гохI бугеб рахъалдехун балагьун унеб букIана.

Гьеб букIана, лъимал, цIодораб цIунцIраялъ цебеккунго, букIинисеб квачараб хасалиде гьабулеб бугеб хIадурлъиялъул нахърател.



***

Музыкаялъул дарсда мугIалималъ цIалдохъанасда цIехана:

– ГIалиев, дуца нотаби лъазарунищ?

– Гьаруна, Тамара Ивановна! Бицинищ?

– Байбихьеха!

– До – Ре – Ми – Фасоль – Салат – Суп – Картошка – Мармелад!

***

– Нужее бищунго кинаб дарсха бокьулеб, лъимал? – ян гьикъана директорас.

КIалбегIерица тIадеги вахъун абуна:

– Нижее бищунго бокьула математикаялъул дарс.

Директорас, гIажаиблъи гьабун, гьикъана:

– Эб бищунго захIматаб дарс кин дуе бокьараб, КIалбегIер?

– Бокьилареб кинха, директор, дарсазде къанагIат гурони вачIунарев учителасул дарс. Мун школалде вачIинего вачIунаревани, мунги вокьилаан вукIарав нижее гьесдасаги цIикIкIун, – илан абуна КIалбегIерица директорасда.

***

КIалбегIер цIалулев вукIана анкьабилеб классалда.

Цо къоялъ, сапаралдаса тIад вуссиндал, инсуца васасда гьикъана:

– Дур цIалиялъул щибха кколеб бугеб, КIалбегIер?

– ЛъикI буго, дада.

– КIийилал гIемерал кколел ругищха исана?

– Валлагь – биллагь гьечIоха, дада!

Инсул гьариялда рекъон, КIалбегIерил мугIалимас гьесухъе росун рачIана васасул къиматал хъвараб кагъат. Гьебги васасул гьурмалъ кьабун, эмен ахIдезе вукIана:

– ЛъикI цIалулев рагIула ав – ничгьечI! Къоло кIигониги кIийил бугев чи!.. Дие гьедаричIого кинха ав вукIинарев!

– Къоло кIиго гуро – учительница мекъи ккун йиго, дада. Дир къоло цо гурони кIийилго гьечIо журналалда. Гьеб цояб кIийилалъул бетIергьан валагьичIого тезе гьечIо дица, дада, метерго, – ян мекъи бихьун лъугьана КIалбегIер.



Наби ГІисаев

# Баркала нужее, лъикІал гІадамал!



Баркала нужее, лъикІал гІадамал,
ГІакъилал, гьайбатал, гьунар бергьарал.
Нужер кумекалъги ва тІалабалъги
Дун тІолго гІумруялъ сверун ккун вуго.

ЦІаялъ вухІулевги, гІоралъ уневги,
Лъала, дун нужеца хвасар гьавуна,
Хурдузулъ тІегь гІадал нужеда аскІоб,
Алжаналда гІадин, буго дие лъикІ.

Квачан холеб мехалъ, цІадухъе вачун,
Нужеца, хириял, хинлъизавуна.
Вакъун холеб мехалъ, бекун чедги кьун,
Чехь бихъун инедухъ кванazавуна.

ГІелму цІалулаго сонал аниги,
СвинчІо нужеде дир рокьиги цІаги,
ЦІвабигІан нуж дие тІадегІанлъана,
ТІулил вацал гІадин, берцин рихьана.

Огь, нуж тІасалъугьа гъалатІаздаса
Лъанги лъачІогоги гьарун рорчІарал,
Нуж дир намусалъул рорхатал сиял,
Сабру нужер гІадаб диеги анищ...

Нужеца цІунана квешлъабаздаса
ГІумрудул захІматал свералабазда,
Сахлъи, гьудулзаби, сахлъи, гІагарал,
ТІаса тІагъур бахъун, гьарула нужей!

БетІергьанги нужги разияб хІалалъ
ХІаракат бахъила гІумру гьабизе,

Гьелдаса кIудияб рохел гьечIо дий
Дунялалда чIаго вугебгIан мехалъ.

Нужеца дий кьурал гIадинал дарсал
Дица гьанже кьола дир лъималазе,
ЛъикIал гIамалаллъун гьел рахъун хадуб,
Хваниги кIваричIо дуниялалда.

Нуж рукIинчIелани рекIел анищал
Рохъдолъ сунтур гIадин, сун тIагIинаан,
ТIадегIан гьедигIан гьавидал нужер
Дун кидагоялъе налъулав вуго.

## ГьитIинаго кколоб гъолохъ

Волейбол хIалаго херай Анисал
ТоргIо щун дидаса бек-бекана цIер,
ЦIураб рахълъен гIадин ццинги бахъун гьей,
ТIилги босун, дида данде ячIана.

– ТIасалъугьа, эбел, гIайибай вуго
Метерго дуе цIер цIияб босила,
Тохлъукьего ккана, кин бицаниги,
Дица гIайиб тIаса рехулеб гьечIо.

ТIил гIодобе биччан, Анисатица
Абуна гьеб мехалъ хIеренго дида:
– Диргоги гьитIинаб мехалъ гIезегIан
ГIин кьуризе кколеб чанги иш ккана.

Дур гIаданлъи бихьун, гIадатлъи бихьун,
Бихьинчи, дудаса тIасалъугьана.
ТIокIалъ горда аскIоб волейбол хIаге,
ХIазе бокьанани байдаби доле.

Дица Анисатил кверда къочана,
Кири Бичас кIодо гьабегийилан,
КIодо дихъ ялагьун дагьалъ гьимана,
Гьарана диеги гьелъ лъикIабщинаб.





# Эбелалъул гьари

Дунял-гІаламалъе канлъи бикьулеб
Бакъин ккола дида эбелалъул ракІ,
Нус-нус соназ буго свин лъачІого гьелъ
Лъималазе канлъи, хинлъи бикьулеб.

ЦІорораб хасало хиял гьабуни,
Хасел ун, их щвараб хІисаб лъугьуна.
ЛъугІел гьечІеб гьелъул тІалаб-агъазалъ
Инсан киса-кивго сверун ккун вуго.

Сонал кигІан арал дир эбел камун,
КечІ лъугІичІо гьелде дица ахІулеб.
Эбелалъулилан гьелъулги дида
Дуниял хІайранаб рагІула гьаракь.

Гьелъ абулеб буго, дир кІудияв вас,
КІудияв гІун вукІин кІочон тогейин,
Гьелъ абулеб буго хІасраталъул цІа
ЦІорозе биччаге берзул канлъиян.

КигІанги гІемерал гъалатІал ккола,
ГІаданлъи, гІадатлъи билизе тоге,
ТалихІ гьарун дуе дугІа цІалана,
ЦІар чорок гьабуге — гьеле аслияб.

ГIали ГIумаров

# Къасум-кIуди

Нижер лъималросда нахъасан чвахулеб лъарахъе чвердезе уна. Лъар гIодобиччараб буго. Гьеб гъваридабги гьечIо. Гьединлъидалин ниж эбел-инсуца хIинкъичIого гьенире риччалелги. Гьанир расги ургъел гьечIого, рекерун кIанцIизе бегьула лъелълъе. ТIоцере ниж лъарахъе щвараб мехалъ, расги гъира букIинчIо цIорораб лъелъ чвердезе, амма ГIумарица абуна, сахлъи щулияллъун лъугьине ккани лъадацаги черх лъадаризе кколилан. Нижер рада-радал рекеризе инеги къотIи букIиндалха.

Дир радал хехго вахъине расги гъира бук1унаро, амма лъималазда цеве кьижарухъанлъун вукIинеги бокьилищха. Гьединлъидал, сагIтица цIумур кьабурабго, тIаде вахъине ккола.

Лъарахъ чвердезе чIахIиялги рачIуна. ГIемериселъ гьенив нижгун Къасум-кIудиги вукIуна. ТIубараб къоялъ гьев ччугIа кколевилан вукIуна. Гьес нижеде къуркъбузул гьудулзабиййилан абула: «Ле, къоркъотIанчIи, ччугIби хIинкъизаруге!» – ян вукIуна гьев нижеца ахIи-хIур гьабизе бокьичIого. Лъаралълъ ччугIа бугин абураб жоялда ниж божуларо, амма кIудияв чиясул адаб цIунун, ниж дагьал рикIкIадегIан уна, гьесие квалквалалъе чIечIого. Нижеца цIакъ адаб гьабула Къасум-кIудил. Гьев лъикIав чи вуго. Цо-цо мехалъ нижее лъугьа-бахъаралъул хIакъалъулъги бицуна гьес.

ГIумарил эбелалъ абула, Къасум-дацица ургъун рахъарал жал рицунел ругин нижейилан. Гьедин батаниги, гьесухъ гIенеккизе гъира букIуна нижер. Гьев



вуго живго жиндаго гIумру гьабулев чи. Гьесул яс шагьаралда жиндирго хъизамлъималгун йиго ва къанагIат гурони гьесухъеги щоларо.

«Щай гьелъ риидал кIудихъе жиндирго лъималгIаги ритIуларел?» – абун пикрабазда вукIуна дун. КIудабазе лъимал цIакъ рокьулелъулха. Дирго кIудадае дун цIакъ хирияв вуго ва гьес дун жиндирго рохеллъун рикIкIуна.

Саламанил эмен Севералде хIалтIизе араб мехалъ, тIубараб лъагIелалъ гьев пашманго вукIана ва цIакъ инсухъ урхъун вукIунаан. Отпускалъ гьев вачIараб мехалъ, Салман нижгун цадахъ лъарахъецин вачIунароан. Гьес хIаракат бахъулаан кидаго инсуда цадахъ вукIине.

Гьеле гьедин рокьизе ккола эбел – эмен!

Къасум-даци жиндир ясалъухъги гьелъул лъималазухъги чIалгIун вихьулеб мехалъ, дида дицаго абула, киданиги дица дирго эбел-эмен гьедин рехун телариланю Ниж кидаго цадахъ гIумру гьабун рукIине руго.

Эбелалъ дида абула, гьединал пикраби гьаризе дун жеги гьитIинго вугилан. ЧIахIиязул жидерго хIалтIи-ишал рукIунилан, батIи-батIиял гIиллабаздалъун гьедин ккезе рес бугилан бицуна гьелъ. Дица гьезда гIайиб гьабуларо, амма дицаго батIайиса гьабилин пикру гьабула дица.

– КIудияв гIураб мехалъ дунгийища шагьаралдеги ун, къанагIат гурони



нужехъе щвечIого вукIинев? – ан гьикъана дица эбелалда.

Гьей елъана:

– Кивениги унге, кидаго нижгун цадахъ вукIа!

Ниж – гьудулзабазул къотIи ккана Къасум-кIудил чиякълъи бачахъизе.

Байбихьана гьесие цIул бичIизе, лълъим баччизе, бахча бухъизе. Нижее гьеб расги захIмалъуларо. Живго кIудиги разилъун вукIуна.

Лъарахъа рикIкIад гьечIо гьитIанаб рохьги. Гьенир гIемерал цIулакьогъутIби, гIалхул гени, жулам букIуна. Ниж гIемер хьвадула рохьореги. Нижее бокьула цIулакьо бакIаризе.

Рохьил рацIцIалъудайин абуни нижее батIи-батIиял расандаби хIазе рес букIуна.

Нижеда гьениб, тарбия щвечIел гIадамаз, жалго нахъе унелъул гьениб щущан тараб рищни-къул батула. Нижеца гьеб бакIарула ва Къасум-кIудица бухIула. Амма нижер учителалъ абула, рохьазда цIа бакани, гьелъ сверухъ гьава хвезабулин, кьищни бухIичIого, ракьулъ тIупизе лъикIаб букIунин. Гьелдалъун ракь беэнлъулинги бицуна гьелъ.

Нижеда лъала рохьоб кваркъи бижулеб бакI. Гьелда цIарго буго «Кваркъидул майданлъи».

Нижеца гьеб махI берцинаб рохьипихъ рокъобе босула. Эбелалъ гьелъул хасалиде мурапа гьабула.

Хасел нижехъ цIакъ берцинаб букIуна. ГIемераб гIазу бала. Нижеца Къасум-кIудил азбар гIаздадаса бацIцIад гьабула.

Гьесухъ балагьун, дун дидаго херав чилъун вихьула. Дирги рукIинел ратила чIахIиял гIурал лъимал, гьезулги лъимал. Дир рукъалъул нуцIа кидаго гьезиеги гьалбадериеги рагьун букIине буго.

Дун ццидалав, къулкъудулевлъун вукIинаро. Гьелъул гIаксалда, кидаго махсаро-хочIалда, рази-ракиго вукIина. Гьелъ гурищ гIадамасул гIумруги халалъулеб! Цониги хIайван гьечIо ракьалда белъулеб, махсаро гьабулеб. Гьединаб тIокIлъи бугевлъун БетIергьанас вижун вуго гIадам.

Дица дирго пикраби загьир гьаридал, эбел-эмен релъула ва фантазер вугилан рикIкIуна дун.

Дие цIакъ бокьула дирго гьитIинаб ВатIан. Гьунар бугев художниклъун вахъани, дица бахъилаан нижерго сасараб лъарги, гьадаб рохьги, басриял, ращадаб риххарал ригьзалги. Гьеб мехалъ нилъер наслабазда лъазе рес букIинаан, кинаб захIматаб гIумру нилъер гIадамазул цебехун букIарабали.

Дун гIумру гьабун Дагъистаналдаго чIела. Киданиги рехун теларо дирго рокьулел эбел-эменги ритIухъал гьудулзабиги.

Дир лъималазеги гьеб кинабго бокьизе буго. Инсуца дида абуна, ВатIан гIицIго бокьун гIоларин, гьеб цIунизе кколин. Дун гьесда рази вуго.

*Хириял лъимал, гьаб хабар ккола нужерго кьерилав, Гъизилюрт районалъул ЦIобокь-Миякьо росдал школалъул цIалдохъанасул асар. Гьединаб батIи-батIиял харбаздаса данде гьабураб ункъониги тIехь къватIибе бачIана ГIали ГIумаровасул. Нужеда гьоркьорги ратила гьединал гьунар бугел лъимал. РитIе нижехъе, нижеца журналалда рахъила нужер харбал, кучIдул, суратал ва цогидабги – нужер махщел-гьунар загьир гьабулел асарал.*



# Буйнакск шаралъул Амет-Хан Султанил цIаралда бугеб Академическияб лицеялъул цIалдохъабазул шапакъатал:





*Хадижат КъурамухIамадова, 7-а классалъул цIалдохъан – авар адабияталъул къецалда тIоцебесеб бакI ккурай.*



*Ислам ИбрагьимхIажиев, 8-в классалъул цIалдохъан – авар мацIалъул ва адабияталъул къецазда тIоцебесеб бакI щварав.*



*Перзият ХIажиева, 11 классалъул цIалдохъан. Шагьаралъул кучIдул рекIехъе цIалулезул – Дагъистаналъул авторазул ва рахьдал мацIазул къецалда тIоцебесеб бакI щварай.*



*Ислам МухIаммадов, 7 классалъул цIалдохъан – къецалда кIиабилеб бакI ккуна.*



*Аминат ГIабдулаева, 10 классалъул цIалдохъан – авар мацIалъулги адабияталъулги къецазда тIоцебесеб бакI щварай.*



*ГIалибег Гъазанапов, 9-б классалъул цIалдохъан – авар адабияталъул къецалда тIоцебесеб бакI щварав.*



*Перзият ХIажиева, 11 классалъул цIалдохъан – авар мацIалъул ва адабияталъул къецалда тIоцебесеб бакI щварай.*




Соколёнок

ISSN№0203 – 3682

# Лачен

3/2022

**май – июнь**

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

**Учредитель:**
Агентство информации и печати
Республики Дагестан.

**Регистрационный номер**
серия ПИ №ТУ05-00413 от 22.04.2019 г.
выдан управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.

Издается с января 1980 г.

**Руководитель – главный редактор**
М.М. Ахмедов



**Редколлегия:**
М. АХМЕДОВ
М. МАГОМЕДОВ
К. МАГОМЕДОВ
А. МАЛАЧИЕВА **(редактор выпуска)**
М. АБДУЛХАЛИМОВ
Г. ХАБИБОВ



**Художественный редактор** З.Даганов
**Технический редактор** Т. Лузина
**Художник номера** М. Муталлибов

Формат 60x84 1/8.
Бумага офсетная.
Уч. изд. л. 2,86 .
Уч. печ. лист 3,26.

Выход в свет 08.06.2022 г.
Тираж 1086 экз.
Заказ № 1227.

**Типография:**
ООО «Издательство «Феникс-пресс».
**Адрес типографии:**
367018, РД, г. Махачкала, ул. Петра I, 61.

**Редакция и издатель:**
Государственное бюджетное учреждение
Республики Дагестан «Редакция
республиканских литературных журналов
«Соколёнок» и «Литературный Дагестан».
**Адрес редакции и издателя:**
367000, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.

**Электронный адрес редакции:**
litdag@mail.ru

Аварский язык

Индекс: на год – 63277,
на полугодие – ПМ999.

Цена свободная.